# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ БУЙРЫҒЫ

**Қарақалпақстан Республикасынан таңлап алынған улыўма орта билим бериў мектеплеринде халықаралық PISA - 2021 бағдарламасының тәжирийбе сынаў изертлеўлерин жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳаққында**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2018-жыл 8-декабрьдеги **«Халық билимлендириў тараўында билим сыпатын баҳалаў системасындағы халықаралық тәжирийбелерди шөлкемлестириў ис-илажлары ҳаққында»**ғы 997-санлы қарары тийкарында халықаралық PISA - 2021 бағдарламасының тәжирийбе сынаў изертлеўлерине таңлап алынған улыўма орта билим бериў мектеплеринде процессти жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәмде таңлап алынған улыўма билим бериў мектеплери оқыўшыларының қатнасын тәмийинлеў мақсетинде буйыраман:

**1.** Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинети жанындағы Билим сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясының 2021-жыл 19-апрельдеги 02-717-санлы ҳәм Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 19-апрельдеги 02-02/2-1160-санлы қоспа хаты басшылыққа алынсын ҳәм орынланыўы тәмийинленсин.

**2.** Усы хаттың қосымшасы менен өткериў графигиниң тастыйықланғанлығы мағлыўмат ушын қабыл етилсин.

**3.** Халықаралық PISA - 2021 бағдарламасының тәжирийбе сынаў изертлеўлеринде мағлыўматлар базасын жаратыў бойынша билим сапасын қадағалаў мәмлекетлик инспекциясы исши топарына қосымша ретинде министрликтиң исши топары қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

**4.** Исши топар ағзалары белгиленген график тийкарында 2021-жыл 26-апрель сәнесинен баслап 1-май аралығында тийкарғы жумыс орнынан ис-ҳақысы сақланған ҳалда орынларға хызмет сапарына жиберилиўи белгилеп алынсын ҳәм хызмет сапары қәрежетлери тийкарғы жумыс орнынан төленсин.

**5. Нөкис қалалық ҳәм Кегейли, Шымбай, Қанлыкөл, Шоманай, Тахтакөпир, Қараөзек, Нөкис районлық халық билимлендириў бөлимлери баслықларына:**

- PISA тәжирийбе сынаўларына белгиленген мүддетлерде онлайн формада өткериў ушын таңланған мектеплерди ўақтыншалық 65 дана саз жағдайдығы компьютер техникасы менен тәмийинлеў;
- оқыўшылар арасында аралықты сақлаў ушын компьютер техникаларын мәжилислер залы яки спорт залларға жайластырыў;
- таңланған мектеплер ушын изертлеўлер процессинде ХКТ қәнигелери менен тәмийинлеў;
- карантин қағыйдалары бойсынған ҳалда изертлеўлерге оқыўшыларды толық қатнасыўын тәмийинлеў илажларын көриў;

- таңланған мектеплердиң директорлары сораўнамаларда толық қатнасыўын тәмийинлеў;

- изертлеў материалларының конфиденциаллылығын тәмийинлеўге ҳәмде тәжирийбе сынаў процессиниң сүўретке ямаса видеоға түсирмеўине (алмаўына) ҳәм социаллық тармақларға шығармаўына қатаң әмел етиў;

- изертлеў процессин өткериў ҳәм бақлаў ушын халық билимлендириў системасынан бириктирилген тест админлер ҳәм бақлаўшылар белгиленген мүддетлерде тийисли мектеплерге жетип барыўын қадағалаўға алыў;

- изертлеў өткерилетуғын сәнеде таңлаған мектеплерде электр энергиясын үзликсиз тәмийинлеў бойынша жергиликли ҳәкимият ҳәм районлық электр тармақлары кәрханасы менен бирге ислесиў;

- изертлеў процессинде оқыўшыларда аралықты сақлаў ҳәм карантин қағыйдаларына бойынсыныўын тәмийинлеў;

- процесске байланысы болмаған шахслардың изертлеўлерге араласыўына жол қоймаў;

- изертлеўде қатнасыўшы оқыўшылардың қатнасын жоқары дәрежеде тәмийинлеў ҳәмде олардың ата-аналарына усы изертлеўлердиң әҳмийети ҳаққында үгит-нәсият жумысларын алып барыў;

- изертлеўге таңлап алынған улыўма билим бериў мектеплеринде график тийкарында саат $8^{30}$ дан саат $16^{30}$ аралығында педагогикалық жәмәәттиң ҳәмде қатнасыўшы оқыўшылардың (миллий орай тәрепинен усынылған) орынларда болыўын тәмийинлеў;

- егерде оқыўшылардың сабақ кестеси үйрениў графигиндеги мезгилге туўры келмеген жағдайда мектептиң педагогикалық кеңеси қарары ҳәм мектеп директорының буйрығы тийкарында сабақ кестесине өзгерислер киритиўге рухсат бериў;

- сабақ кестесине өзгерислер киритилген жағдайда оқыўшылар ҳәм олардың ата-аналарына түсиндириў жумысларын алып барыў ҳәмде оқыўшылардың сабақларға келиў-кетиў жол ҳәрекети қәўипсизлигин тәмийинлеў;

- изертлеў процессинде жүзеге келген ҳәр қандай машқалаларды сол ўақыттың өзинде шешиўде Миллий орай қәнигелери менен биргеликте ислесиў ўазыйпасы тапсырылсын.

**6.** Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаў министр орынбасары ў.ў.а Қ.Бекбаўлиевқа жүкленсин.

**Министр** **Р.Реимов**

Нөкис қаласы
2021-жыл 21 -апрель
№ 104

Қарақалпақстан Республикасы
Халық билимлендириў министриниң
2021-жыл __21__-апрель күнги
__104__-санлы буйрығына қосымша

**PISA - 2021 бағдарламасының тәжирийбе сынаў изертлеўлерин жоқары дәрежеде шөлкемлестириў ҳәм мағлыўматлар базасын жаратыў бойынша белгиленген исши топар қурамына қосымша ретинде министрликтиң исши топары**

| № | Хызметкердиң аты, фамилиясы ҳәм атасының аты | Жумыс орны | Лаўазым |
|---|---|---|---|
| 1 | Бегдуллаев Хамидулла Нагметуллаевич | ҚҚР ХБМ | Бөлим баслық |
| 2 | Худайбергенов Рузимбой Турсинбаевич | ҚҚР ХБМ | Бөлим баслық |
| 3 | Ержанов Рахат Гайбуллаевич | ҚҚР ХБМ | Бас қәниге |
| 4 | Дүйсенбаев Полат Султанбаевич | ҚҚР ХБМ | Бас қәниге |
| 5 | Дүйсенбаев Нурсултан Онғар улы | ҚҚР ХБМ | Жетекши қәниге |
| 6 | Турманов Қуатбай Аманбаевич<br>*Келисими менен* | ҚРХБХҚТхОҚА аймақлық орайы | Аға оқытыўшысы |
| 7 | Кеңесбаев Абатбай Кеңесбаевич | Нөкис қаласы ХББ | Бас инспектор методист |
| 8 | Жиенбаев Аскарбай Базарбаевич | Тахиятас районы ХББ | Бас инспектор методист |
| 9 | Есназаров Саламат Муратбаевич | Шоманай районы ХББ | Инспектор методист |
| 10 | Хабибов Ақылбай Адилбаевич | Шымбай районы ХББ | Инспектор методист |
| 11 | Оразбаев Қутлимурат Аманбаевич | Қанлыкөл районы ХББ | Инспектор методист |
| 12 | Смамутов Бахтияр Медетбаевич | Қараөзек районы ХББ | Инспектор методист |
| 13 | Аллияров Руслан Нурсултанович | Нөкис қаласы ХББ | Инспектор методист |